

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA JENERAL
AK JEORAFI****Madi, 22 janvyè, 2008 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman**

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la yo. Epi ale nan dènye paj nan ti liv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj ti liv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsè pou w ekri repons yo.

Pati I a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons ki apa a.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Pati III** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Pati III a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan ti liv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Pati III a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Pati I a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo pap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon aparèy kominikasyon entèdi pandan egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI.


Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a

Eksplikasyon (1–50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe a, *nimewo* mo oubyen ekspresyon, nan tout sa yo bay yo, ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon yo.

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 an.

Kèk Klima nan Kèk Zòn nan Lemonn



Sous: *Geography on File, Facts on File, 1994* (adapte)

1 Daprè enfòmasyon yo bay nan kat la, ki deklarasyon ki korèk?

- (1) Pi gran chapo glasyè nan lemond, chita an Ewòp dinò?
- (2) Ou jwenn majorite klima montay yo nan fwontyè lès kontinan yo
- (3) Zòn dezè ki pi laj la kòmanse depi nan lwès Lafrik rive nan yon gran pati sidwès Lazi.
- (4) Amerikdisid konekte ak Antatik pa mwayen yon ti pon an tè.

2 Teknik koupe boule a òdinèman pratike pa

- (1) moun ki abite arebò rivyè ki trennen tè rich pandan inondasyon
- (2) kiltivatè ki viv sou rekòt yo ki plante yon zòn jiskaskè tè a pèdi fètilite li
- (3) kiltivatè ki konte sou fètilizasyon chimik ak sou pestisid
- (4) nomad ki itilize zèb pou betay yo

3 Ki karakteristik yo ta kapab plis antre nan yon sistèm ekonomik ki baze sou agrikilti tradisyonèl ak sou otonomi?

- (1) bank yo
- (2) twoke
- (3) inite debaz pou lò
- (4) taks

4 Ki faktè jeografik ki te gen yon gwo enfliyan sou devlopman sivilizasyon Ejiptyen ak Babilonyen yo?

- (1) vale rivyè yo
- (2) tanperati fre yo
- (3) zòn ki tou pre yon detwa
- (4) mòn yo

5 Ki deskripsyon ki pi byen idantifye Socrates, Plato, ak Aristotle?

- (1) dirijan yo nan Repiblik Women an
- (2) atis Renesans Italyen an
- (3) lidè relijye yo nan Refòm Pwotestan an
- (4) filozòf yo nan ansyen Grès la

Sèvi ak tèks anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 6 la.

. . . Vwayaj pou ale Mecca a [Makkah] te kòm nase sou senkyèm *Dhu al-Hijjah* a, 1393 (29 Desanm, 1973, dapre kalandrye Gregoryen an), nan Ayewopò Entènasyonal Beirut, men se jis sou setyèm nan apremidi mwen te abiye [mete] ak *Ithram* [wòb] la epi te kondwi sou wout sòti Jiddah pou rive Mecca a. Wout la te gen anpil machin, bis, ak kamyon tout plen ak pèlren k ap chante refren Hajj la, *Talbiyah*: . . .

— Michael E. Jansen, *An American Girl on the Hajj*

6 Pasaj sa a dekri eksperyans yon disip

- | | |
|---------------|--------------|
| (1) Krisyanis | (3) Endouyis |
| (2) Islam | (4) Jidayis |
-

7 Nan Lachin, devlopman egzamen sèvis sivil ak yon kwayans nan pyete filyal montre enfliyan

- | | |
|------------|-----------------|
| (1) Shinto | (3) Konfisyonis |
| (2) Jainis | (4) Boudis |

8 Yon fason Kòd Hammurabi a, Douz Kòmandman yo, ak Kòd Jistinyen an sanble sèke yo chak te

- (1) legalize kwayans yon sèl bondye
- (2) etabli estanda legal yo
- (3) bay dokiman sou aktivite ekonomik
- (4) sipòte gouvènman repibliken yo

9 Ki tit ki pi ale ak deskripsyon an pati anba a?

I. _____

- A. Moun vin konnen plis sa k ap pase deyò monn lan
- B. Machann ak asosyasyon atizan yo ede sant komèsyal yo chanje an vil.
- C. Wout komès devlope pou satisfè ogmantasyon demann pou nouvo pwodwi yo.
- D. Monak yo santralize kontwòl epi ogmante pouvwa yo.

- (1) Seljuk Turks Domine Lewòp
- (2) Demokrasi Fini nan Lewòp Delès
- (3) Feodalis Bese nan Lewòp Delwès
- (4) Relijyon Vin yon Fòs Pisan nan Lewòp

10 Yon fason wayòm Afriken nan Ghana ak Mali sanble sèke yo te

- (1) fè richès yo nan komès
- (2) amelyore fòs militè yo ak itilizasyon poud pou zam
- (3) louvri wout komès pou Amerik la
- (4) adopte Krisyanis kòm relijyon prensipal yo

11 Yon fason vwayaj Marco Polo ak Ibn Battuta a te sanble sèke yo te lakòz


- (1) gen plis enterè nan diferan kilti yo
- (2) devlopman esklavaj
- (3) Komès desann
- (4) dekouvèt Lazi Delès

12 • Lide klasik Grèk-Women yo te retounen.
• Patwon rich yo sipòte boza ak edikasyon.
• Imanis gaye nan tout Lewòp Delwès.

Ki peryòd nan istwa Ewopeyen an yo asosye pi plis ak deklarasyon sa yo?

- | | |
|-------------------------------|------------------------|
| (1) Premye Peryòd Moyennaj yo | (3) Renesans |
| (2) Revolisyon Endistriyèl | (4) Peryòd Hellenistic |

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 la.



Sous: Patrick K. O'Brien, general editor, *Oxford Atlas of World History*, Oxford University Press (adapte)

13 Ki deklarasyon sou dinasti Tang la, ki byen sipòte pa enfòmasyon sou kat sa a?

- (1) Li fè eksperyans ak konfli nan zòn ki bò lanmè yo.
- (2) Fwontyè li yo te rive jiska Lend.
- (3) Li te vin gen teritwa nan Tibèt ak nan Kore.
- (4) Li te itilize wout tè pou fè echanj machandiz.

14 Yon resanblans ant Martin Luther ak Henry VIII sèke yo te

- (1) kanpe kont enstorasyon yon eta teokratik
- (2) pwoteste kont lide Syèk Limyè yo
- (3) te mouri pandan Rèy laterè a
- (4) kesyone ansèyman Legliz Katolik


- 15
- Kantite moun ki konn li ogmante.
 - Pwezi Shakespeare yo te sikile.
 - Lide layik yo ki se moun ki pa relijye yo gaye.

Ki inovasyon ki mennen dirèkteman nan devlopman sa yo?

- (1) ekipman pou enprime
- (2) astwolab
- (3) lajan papye
- (4) bato ak vwal

Sèvi ak desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 16 la.

Yon Domèn Ki Menm ak Epòk Mwayennaj



Sous: James Killoran et al., *The Key to Understanding Global Studies*, 5th edition, Jarrett Publishing Company (adapte)

16 Nan desen sa a, ki konklizyon ki ka fèt a pati kote legliz la ye a?

- (1) Se legliz la ki te jere moulen an.
- (2) Relijyon te jwe yon gwo wòl nan lavi moun nan zòn nan.
- (3) Legliz la kontwole komès nan domèn nan.
- (4) Legliz la p at jwe yon gwo wòl nan edikasyon.

17 Ki karakteristik jeografik ki te gen pi gran enfliyans sou devlopman Anpi Enka a?

- (1) dezè yo
- (2) litoral iregilye yo
- (3) rivyè vale yo
- (4) mòn yo

18 Bay yon rezon ki te fè kolon Espanyòl yo te kapab konkeri Anpi Aztèk la?

- (1) Solda Espanyòl yo te itilize ak efikasite teknoloji militè pa yo kont Aztèk yo.
- (2) Kwayans relijye Aztèk yo te kont vyolans.
- (3) Lespay te asosye ak Enka yo nan batay kont Aztèk yo.
- (4) Kavalye Espanyòl yo te plis pase gèrye Aztèk yo.

19 Ki deklarasyon ki dekri yon enpak ak komès Kolonbyen yo sou lavi Ewopeyen yo?

- (1) Konbinezon nouvo pwodwi ak lide yo ankouraje kwasans ekonomik
- (2) Ameriken Endyen yo te imigre nan Lewòp epi te fè konkirans ak Ewopeyen yo pou travay.
- (3) Plizyè milyon Ewopeyen te mouri ak maladi tou nèf Ameriken yo.
- (4) Prezantasyon relijyon Ameriken Endyen yo te lakòz Legliz Katolik Women an pèdi pye.

20 Yon objektif komen Philip II nan Lespay ak Louis XIV nan Lafrans sete

- (1) gaye Kalivinis
- (2) ankouraje revolisyon politik yo
- (3) kenbe pouvwa total
- (4) izole nasyon yo

Sèvi ak deklarasyon moun ki pale yo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal, pou reponn kesyon 21 an.

Moun k ap pale A: Wa mwen an, mete ansanm pi bon moun ki konn desinen kat ak syantis pou etidye navigasyon. Ekspedisyon li kòmandite a pral ogmante komès Pòtigal ak Lès epi fè nou vin rich.

Moun k ap pale B: Moun mwen yo te pèdi tè yo epi yo te oblije travay nan min ak nan chan. Yo pat resevwa anpil benefis ekonomik.

Moun k ap pale C: Rèn mwen vini ak konpayi pa aksyon pou kontwole komès nan koloni nou yo.

Moun k ap pale D: moun mwen yo te nan esklavaj epi yo te sibi eprèv moun pa kapab pale. Anpil mouri pandan travès a.

21 Kilès de moun nan moun k ap pale yo ta sanble plis kapab sipòte mèkantilis?

- | | |
|------------|------------|
| (1) A ak B | (3) B ak D |
| (2) A ak C | (4) C ak D |
-

22 • Palman an te lofri twòn nan bay Wa William ak Rèn Mary.

- Wa Katolik James II te sove kite Langletè pou Lafrans.
- Palman an te dakò pou dirije ansanm ak monak la.

Evenman sa yo pi plis asosye ak

- (1) Kwazad yo
- (2) Revolisyon Fransè a
- (3) Revolisyon Gloriyèz la
- (4) Rekonkèt la

23 Nan Kongrè Vyènn nan (1815), gouvènman Lewòp yo te reyaji a Revolisyon lafrans la epi a rèy Napoleon an lè yo eseye

- (1) retounen ak ansyen rejim nan sou pouvwa
- (2) gaye lide demokrasi a
- (3) ankouraje mouvman nasyonalis yo
- (4) ankouraje zòn lib echanj Ewopeyen an

24 Yon objektif politik Otto von Bismarck ak Giuseppe Garibaldi sete

- (1) ranvèsè monachi dwa diven yo
- (2) inifye nasyon yo
- (3) etabli sistèm kominis yo
- (4) fòme yon alyans ak Grann Bretay

25 Karl Marx te predi kapitalis vag sa a t ap lakòz

- (1) yon retou a manoryalis
- (2) yon revolisyon ki gen pwoletarya alatèt li
- (3) mwens reglèman gouvènman an
- (4) yon distribisyon egal richès ak salè

26 Kontwòl Makao pa Pòtigè yo ak Kontwòl Hong Kong pa Anglè yo se egzanp

- | | |
|---------------------|-------------|
| (1) kolektivizasyon | (3) otonomi |
| (2) enperyalis | (4) kontwòl |

27 Vizit Kont Admiral Matthew Perry nan Japon nan lane 1853 ak 1854 te abouti nan

- (1) kolonizasyon Japon pa Etazini
- (2) transfè enfliyans yo bay Lachin
- (3) entwodiksyon Krisyanis nan sosyete japonèz la
- (4) ouvèti komès ak relasyon diplomatik ak Japon

28 Tèm *militaris* la kapab pi byen defini tankou

- (1) lwayote a yon nasyon oubyen yon gwoup etnik
- (2) rasanbleman zam pou prepare pou lagè
- (3) evite patisipasyon militè nan lagè sivil yo
- (4) kontwòl teritwa pou benefis ekonomik ak politik

- 29 Yon rezon prensipal patisipasyon Japon nan Lagè Chinwa Japonè a ak lagè Ris Japonè a sete pou
- (1) jwenn resous natirèl nan Manchouri ak nan Kore
 - (2) kontwole komès ak mache yo nan Sidès Lazi
 - (3) fini ak politik izolasyonis Japon an
 - (4) retire anvayisè etranje yo sou tè Japonè an

Sèvi ak tèks anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 30 la.

. . . Gouvènman Majeste a dakò pou etabli nan Palestine yon peyi nasyonal pou pèp Jwif la, epi y ap itilize pi bon mwayen yo pou fasilite revizit pwojè sa a, li klè pa gen anyen ki ta dwe fèt pou vyole dwa sivil ak relijye kominote ki pa jwif yo nan Palestine, oubyen dwa ak pozisyon politik Jwif jwi nan nenpòt lòt peyi. . . .

- 30 Yo pran tèks 1917 sa a nan yon dokiman yo rele

- (1) Doktrin Truman
- (2) Plan Machal
- (3) Katòz Pwen yo
- (4) Deklarasyon Balfou a

- 31 Ki eslogan ki asosye ak Revolisyon Bòlchevik (Ris) la?

- (1) “Zye Pou Zye”
- (2) “Lapè, Tè, ak Pen”
- (3) “Libète, Egalite, Fratènite”
- (4) “Pran fado blan an”

- 32 Ki aksyon ki pi asosye ak Atatürk (Mustafa Kemal)?

- (1) Kòmansman mouvman Zyonis la
- (2) fòmasyon òganizasyon Liberasyon Palestine nan
- (3) itilizasyon pratik Oksidantal yo pou mòdènize Tiki
- (4) ekszekisyon lwa islamik

- 33 Ki aspè ekonomi a yo te mete aksan sou li nan plan senk lane Joseph Stalin nan

- (1) endistri metal
- (2) machandiz pou konsomasyon
- (3) èd pou grangou
- (4) pwopriyete tè prive

- 34 Mohandas Gandhi pi plis asosye ak

- (1) sipòte vyolans ak teoris pou fini ak rèy Anglè a
- (2) dezi pou ranfòse sistèm kas la
- (3) itilizasyon dezobeyisans sivil pou jwenn libète politik
- (4) etablisman yo relijyon nasyonal a Lend

- 35 “. . . Yo touye swasandis mil moun sou plas, epi plis lòt ta pral mouri — 60,000 an Novanm ak yon lòt 70,000 pou rive 1950. Majorite nan yo ap viktim yon nouvo metòd pou touye moun — radyasyon. . . .”

— Ronald Takai

Sitiyasyon yo dekri nan pasaj sa a se rezilta dirèk ki evennman Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) bonbadman Lond la
- (2) atak sou Pearl Harbor
- (3) Jou-J envazyon Nòmandi a
- (4) bonbadman Hiroshima

- 36 Ant lane 1945 ak 1947, diferans ant Endou ak Mizilman yo nan Lend te lakòz

- (1) Leve Kanpe Sepoy la
- (2) Mach Sèl La
- (3) politik pa pran pozisyon an
- (4) pataj sou kontinan an


- 37 Kisa ki te yon rezon prensipal fòmasyon òganizasyon Trete Atlantik Nò a (OTAN) nan lane 1949?

- (1) pou kontwole komès Ewopeyen an
- (2) pou reziste agresyon Sovyetik yo
- (3) pou sipòte blokaj Bèlen an
- (4) pou ranfòse gouvènman kominis yo

38 Nan Lejip dapiyanp Gamal Abdel Nasser sou Kanal Suez la te kontinye politik li pou

- (1) atire investisman bank Lwès yo
- (2) sipòte dwa travayè Anglè yo
- (3) elimine kritik opozan politik yo
- (4) etabli kontwòl nasyonal resous vital yo

Sèvi ak desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 39 la.



Sous: Arcadio Esquivel, Costa Rica, *La Nacion*; Panama, *La Prensa*

39 Ki konsèp yo ilistre nan desen sa a?

- (1) pa pran pozisyon
- (2) entèdepandans
- (3) nasyonalis
- (4) sosyalis

40 Istwa Latvi, Estoni, Lityani ak Fennlan te afekte anpil ak

- (1) pwoksimite yo ak Larisi
- (2) anpil rezèv lwil yo
- (3) politik etranje agresif yo
- (4) alyans yo ak Izrayèl

41 Nan lane 1989, gouvènman Lachin nan te reponn a manifestasyon sou plas piblik Tiananmen lè li te

- (1) kanpe komès ak Lwès
- (2) pèmèt eleksyon demokratik
- (3) voye tank ak militè pou mete fen nan manifestasyon yo
- (4) mande yon sesyon espesyal Konsèy Sekirite Nasyonzini an

42 Ki tit ki pi ale ak deskripsyon an pati anba a?

I. _____

- A. Kore rete divize nan 38yèm paralèl la.
- B. Se yon mi ki separe Bèlen Lès ak Bèlen Lwès.
- C. Poupale estratejik sou limitasyon zam kòmmanse.

- (1) Nasyon nan Lemonn Ki Fèk Kreye
- (2) Rezilta Lagè Fwad
- (3) Benefis Ekonomik Dezyèm Gè Mondyal
- (4) Konfli Etnik nan Lemonn


43 Ki aksyon ki te pase nan Linyon Sovyetik sou Mikhail Gorbachev?

- (1) Yo te fòse peyizan pou gen fèm ansanm.
- (2) Sitwayen yo te fè eksperyans plis libète anba politik transparans la yo rele glasnòs.
- (3) Etazini ak Inyon Sovyetik te mete fen a relasyon diplomatik yo.
- (4) Gouvènman Sovyetik la ogmante kontwòl li sou Legliz òtodòks la.

44 Ki deklarasyon ki se yon reyalite olye yon opinyon

- (1) Kwasans ekonomik Brezil menase pouvwa ekonomik Etazini.
- (2) Lib Echanj ap desann nivo lavi travayè nan peyi ki devlope yo.
- (3) Inyon Ewopeyèn (UE) kreye yon lajan yo rele ewo.
- (4) Nasyon an devlopman yo p ap janm kapab fè konkirans ak nasyon devlope yo.

Sèvi ak desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 la.



Sous: Jonathan Shapiro (Zapiro), Sowetan, 1994

45 Ki lide prensipal ki nan desen sa a?

- (1) Nelson Mandela te fini rekonstriksyon Afrikdisid.
- (2) Malgre Sidafriken nwa yo te kraze anpil difikilte pou jwenn libète, anpil batay rete pi devan toujou.
- (3) Mòn Afrikdisid yo te bloke patisipasyon Sidafriken nwa yo nan eleksyon nasyonal yo.
- (4) Rekonstriksyon Afrikdisid kapab fèt sèlman ak vyolans, trayizon, ak defi.

46 Yon etid sou chit Anpi Women an (476) ak efonman Linyon Sovyetik (1991) montre anpi ak anpil pisans yo kapab


- (1) pèdi fòs yo lè mèsenè ap ekzekite refòm
- (2) menase sèlman lè moun deyò atake yo dirèkteman
- (3) konkeri plis pase yon kontinan epi rete estab
- (4) febli ak presyon entèn ak ekstèn

47 Yon konparezon ant sistèm feodal la nan Lewòp ak sistèm encomienda Ameriklatin nan montre toude sistèm yo te

- (1) bay elit la tè
- (2) ankouraje tolerans relijye
- (3) depann sou komès global pou machandiz
- (4) itilize yon sistèm gouvènman palmantè

Sèvi ak desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 48 la.

Ekonomi Ris



Sous: Brian Gable, *The Globe and Mail*, Toronto, Canada (adapte)

48 Lide prensipal desen lane 1990 sa a sèke Lawisi ap

- (1) decide ant sistèm kapitalis oubyen sistèm kominis la
- (2) eseye etabli pouvwa militè ankò
- (3) montre enkyetid li sou kòman lemond wè gouvènman li a
- (4) kenbe yon balans ant yon gouvènman sivil ak militè

- 49 • Zòn — gen ladan li tè yo ki antoure Lamè Mediterane lès la
• Moun — Tik yo, Arab yo, Grèk yo, Mizilman yo, Chretyen yo, ak jwif yo
• Ti non jwèt pandan 19vyèm ak kòmansman 20tyèm syèk yo — “Moun malad Lewòp”

Ki anpi karakteristik ki anlè a dekri?

- | | |
|------------|------------|
| (1) Goupta | (3) Women |
| (2) Mongòl | (4) Otoman |

50 Ki sekans evènman Ris ki nan bon lòd kwonolojik?

- A. Catherine the Great oksidantalize Lawisi.
- B. Ivan III bat Mongòl yo.
- C. Khrushchev mete misil Kiba.
- D. Czar Nicholas II renonse a twòn nan.

- | | |
|---|---|
| (1) $A \rightarrow B \rightarrow C \rightarrow D$ | (3) $B \rightarrow C \rightarrow A \rightarrow D$ |
| (2) $B \rightarrow A \rightarrow D \rightarrow C$ | (4) $D \rightarrow A \rightarrow C \rightarrow B$ |

Repons kesyon disètasyon an dwe ekri nan ti liv disètasyon apa a.

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay an mo oubyen pale de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Eksplikasyon: Ekri yon disètasyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale de sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman

Se pa tout revolisyon ki politik. Revolisyon ki pa politik te pote chanjman entelektyèl, ekonomik, ak/oubyen sosyal enpòtan pou sosyete yo.

Sa w gen pou fè:

Idantifye **de** revolisyon ki pa politik ki te pote chanjman entelektyèl, ekonomik, ak/oubyen sosyal enpòtan pou sosyete yo epi pou **chak**

- Dekri **yon** chanjman ki te fèt akòz revolisyon ki pa politik sa a
- Diskite yon efè revolisyon ki pa politik sa a te genyen sou yon sosyete espesifik oubyen sou sosyete yo

Ou kapab itilize yon revolisyon ki pa politik ki te pote chanjman entelektyèl, ekonomik, ak/oubyen sosyal nan sa ou etidye nan istwa jeneral. Kèk sijesyon ou ta ka konsidere, gen ladan yo Revolisyon Neolitik la (10,000–6,000 A.C.), Revolisyon Komèsyal la (11zyèm–18tyèm syèk), Revolisyon Syantifik la (16zyèm–18tyèm syèk), Syèk Limyè a (18tyèm–19vyèm syèk) Revolisyon Agrikòl la (17tyèm–18tyèm syèk), Revolisyon Endistriyel la nan Lewòp (18tyèm–19vyèm syèk), ak Revolisyon Vèt la (fen 20tyèm syèk la).

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman. Pa chwazi yon revolisyon politik kòm youn nan de revolisyon ou yo. Sepandan, diskisyon yon efè kapab enplike yon revolisyon politik.

Gid:

Nan disètasyon ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale de li”
- (b) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalyte, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman yo ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste abiltè w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analyze dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nempòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Nan listwa, pafwa gouvènman yo eseye kontwole panse ak aksyon pèp yo. Twa gouvènman konsa se **Lawisi anba rèy Peter Le Gran, Lalmay anba rèy Adolf Hitler, ak Lachin anba rèy Mao Zedong**. Aksyon gouvènman sa yo afekte anpil sosyete yo

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon yo ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons kesyon yo ap ede w ekri Pati B redaksyon an, kote yo ap mande w pou

Chwazi **de** gouvènman yo pale de yo nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri efò gouvènman an pou kontwole panse **ak/oubyen** aksyon pèp la
- Diskite rezilta efò gouvènman sa a sou sosyete li

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Eksplikasyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1a

Peter LeGran



Sous: Chris Hinton, *What is Evidence?* John Murray, Ltd.

Dokiman 1b

. . . Yon lane apre, nan mwa Janvyè 1700, Peter te transfòmè lafòs an dekrè [lwa]. Ak son tanbou nan lari yo ak nan plas yo, yo te deklare tout boya [nòb Ris yo], ofisyèl gouvènman yo ak moun ki pwopriyetè, nan Moskou ak nan pwovens yo, ta pral kite mete rad long yo epi pou achete kaftan ongwa oubyen nan Stil Alman. Lane apre a, yon nouvo dekrè te mande gason yo pou mete jilè, kilòt, gèt, bòt ak yon chapo ki fèt nan estil Fransè oubyen Alman, epi fanm yo pou mete jipon, jip, bonè ak soulye ki sòti nan Lwès. Lòt dekrè ki vin annapre te entèdi moun mete bòt long Ris yo ni pote kouto long Ris yo. Modèl nouvo kostim yo aksepte yo te kroke nan baryè Moskou ak sou plas piblik yo nan vil la pou moun kapab gade yo epi kopye modèl la. Tout moun ki rive nan baryè yo ak kostim tradisyonèl la sòf peyizan yo te kapab rantrè sèlman apre yo peye yon amann. An menm tan, Peter pase gad nan baryè vil la lòd pou fòse mete sou jenou tout vizitè ki vini ak vès long, tradisyonèl la, epi koupe vès yo nan kote rad ki anba yo rive atè a. “Plizyè santèn vès te koupe jan yo te vle sa fèt la,” Perry fè konnen, “epi pase sa te fèt nan bèl blag li te mennen griyen dan [blag] pami moun yo epi touswit te elimine tradisyon moun k ap mete vès long, espesyalman nan kote tou pre Moskou yo, ak zòn sa yo kote Tza a te ale.” . . .

Sous: Robert K. Massie, *Peter the Great: His Life and World*, Alfred A. Knopf

1 Daprè dokiman sa yo, bay **de** fason Peter LeGran te eseye kontwole aksyon pèp li a. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 2

. . . Refòm militè Peter a te kapab rete yon ensidan izole nan listwa militè Ris la, si li pat kite yon enpresyon klè epi pwofon sou konpozisyon sosyal ak entèlektyèl tout sosyete Ris la, epi menm te enfliyanse devlopman politik ki vin apre yo. Refòm militè a pou kont pa li te fè lòt chanjman nesèsè, premyeman pou kenbe fòs militè ki reòganize epi ki koute anpil lajan an, epi pou asire yo la pou tout tan. Nouvo metòd anwolman an, ki etann obligasyon militè yo nan klas yo ki jiska prezan [jis nan tan sa a] te egzante, epi ki kounye a afekte tout klas sosyal yo, te bay nouvo lame a yon konpozisyon pi divès, epi te chanje nèt relasyon sosyal ki te egziste ant yo a. Apati moman sèf ak sèvitè nòb la te rantrè nan nouvo lame a tankou anwole òdinè olye tankou domestik oubyen valè sèlman [sèvitè], pozisyon noblès la, ki te siperyè [dominan] nan ansyen lame a, te chanje konplètman. . . .

Sous: Vasili Klyuchevsky, translated by Liliانا Archibald, *Peter the Great*, St. Martin's Press

2a Daprè Vasili Klyuchevsky, ki **yon** fason Peter LeGran te eseye kontwole pèp Ris la? [1]

Score

b Daprè Vasili Klyuchevsky, site **yon** konsekans refòm Peter LeGran an te genyen sou nòb Ris yo? [1]

Score

Dokiman 3

Nesans “Lawisi Divize”

Souvan yo wè Refòm Petrine nan [Peter] kòm kòz prensipal epi kòm kòmansman separasyon definitiv sosyete Ris la an de pati ki paka chanje. Refòm Peter yo te transfòme klas siperyè sosyete Ris la, alòske yo pat sitèlman afekte mas pèp yo. Peter te fòse noblès la pou pran konesans teknik Ewòp Lwès la epi adopte estil abiman ak manyè Ewopeyen an. Yon edikasyon klas siperyè yo ki tanzantan t ap Ewopeyanize te mennen ak li yon famiyarite ak filozofi ak teyori Syèk Limyè a. Byen vit anpil nòb Ris yo te menm prefere pale lang Ewòp Lwès la (an patikilye Fransè, ak Alman) pase Ris. Pou rive nan dizneyèm syèk monn yo te Ewopeyen nan rad, manyè yo, manje, edikasyon, atitud ak langaj, epi te depaman nèt ak fason mas popilè Ris la viv. . . .

Sous: Alexander Chubarov, *The Fragile Empire: A History of Imperial Russia*, Continuum

- 3 Daprè Alexander Chubarov, site **youn** nan konsekans ki dire refòm Peter LeGran an te genyen sou klas siperyè sosyete Ris la? [1]

Score

Dokiman 4a

. . . Nan Lanwit 10 Me lane 1933, milye etidyan Nazi, ansanm ak anpil pwofesè, te atake inivèsite yo, bibliyotèk yo ak libreri yo nan trent vil nan Lalmay. Yo te pran santèn milye liv epi mete dife ladan yo. Nan Bèlen pou kont pa li, plis pase ven mil liv te boule. Boule liv la te fè pati yon aksyon byen kalkile pou “pirifye” kilti Alman an. Depi 12 Avril, Asosyasyon Etidyan Alman Nazi a t ap elimine bibliyotèk yo, travay sou lis liv yo kwè “ ki pa Alman.” Lòtè kèk liv te Jwif, men majorite pat Jwif. . . .

Sous: Michael Berenbaum, *The World Must Know: The History of the Holocaust as Told in the United States Holocaust Memorial Museum*, Little, Brown and Co.

4a Daprè Michael Berenbaum, ki **yon** fason Pati Nazi a te eseye kontwole panse pèp Alman an? [1]

Score

Dokiman 4b

. . . Mouvman Jenès Hitler a te fòme nan objektif menm pou kreye sitwayen patriyòt pou eta a. Vè lane 1935, plis pase twa milyon ti gason ak tifi ki gen 10 zan ak plis te anwole. “Nou te fèt pou mouri pou Lalmay” sete yonn nan pwopagan popilè yo. Anplis yon pwogram antrennman fizik ki te difisil, yo te resevwa fòmasyon pou itilize zam epi te tandè kou ki bay sou ideoloji Nazi a.

Sous: Chartock and Spencer eds., *Can It Happen Again?*, Black Dog & Leventhal

4b Dapre editè Eske Sa ka Fèt Ankò?, ki **yon** metòd Pati Nazi a te itilize pou enfliyanse panse jenès Alman an? [1]

Score

Dokiman 5

Nan pati tèks sa a Horst Krüger yon lotè Alman, epi prizonnye lagè, dekri reyaksyon li lè li fin li yon jounal ki rakonte lanmò Hitler. Li fè refleksyon sou sitiasyon Laprès pandan Hitler te sou pouvwa.

. . . Lè mwen te fèk kòmanse ap li jounal yo, li te deja sou pouvwa. Mwen pat konnen anyen men yon laprès restavèk [obeyisan] renmen goumen [ostil], dyolè. Mwen te toujou santi se te yon prèv Hitler te fè dappiyanp, epi okipe lang Alman an, epi paran mwen te toujou di mwen “ Sa ou li nan jounal yo pa vre, men ou pa dwe di sa. Deyò se pou ou toujou aji tankou ou kwè tout bagay.” Lang Alman an ak manti te vin tounen youn ak menm bagay pou mwen. Lakay te sèl kote ou te kapab pale verite. Sa ou te li nan jounal yo te manti men ou pat kapab di sa. Epi kounye a mwen kenbe yon jounal ki an Alman epi ki pat bay manti. Kòman sa te fè posib? Kòman lang ak verite kapab marye ansanm? Kòman sa te pase pou kapab kwè yon bagay ou wè sou papye? Sete premye jounal Alman lib nan lavi mwen. . . .

Sous: Horst Krüger, *A Crack in The Wall: Growing Up Under Hitler*, Ruth Hein, tr.,
Fromm International Publishing Corporation

5 Daprè Horst Krüger, ki **yon** konsekans gouvènman Nazi te genyen sou sosyete Alman an? [1]

Score

Dokiman 6

Se yon teks ki soti nan kòmansman deklarasyon chèf Avoka Jeneral Robert H Jackson te bay nan jijman majorite kriminèl lagè yo devan Tribinal Militè Entènasyonal la 21 Novanm 1945.

. . . Lalmay te tounen yon gwo chanm tòti. Yo te tandè rèl viktim yo patou nan lemond, epi te bay moun sivilize toupatou frison. Mwen se yonn ki te tandè pandan lagè sa a plis istwa mechanste ak pwen dentèwogasyon epi enkredilite [dout]. Men prèv la ap tèlman boulvèsan mwen pran chans pou anonse, pa yon mo mwen te di pa pral demanti. Akize sa yo ap pral sèlman demanti responsablite pèsònèl yo oubyen si yo te konnen ou pa.

Anba presyon espyonaj ak entrig ki melanje, okenn eta modèn pa janm sibi, ak kalite pèsekisyon ak tòti lemond pa janm wè pandan plizyè syèk, manm popilasyon Alman ki te bon epi te gen kouraj te aneyanti [redwi a anyen]. Yo te entimide moun ki te onèt, men fèb. Rezistans aklè, ki pat janm plis pase fèb epi ak krent disparèt. Men rezistans, mwen kontan pou m di, te toujou la, menm si li te manifeste sèlman nan evennman tankou efò rate pou asasinèn Hitler 20 Jiyè 1944. Ak rezistans ki te fèt sèlman anba anba, Nazi yo te gen Eta Alman an nan men yo.

Men Nazi yo pat sèlman redwi nan silans vwa ki pat dakò ak yo. Yo te kreye yon kontwòl pozitif ki te efikas, menm jan ak sa yo genyen ki negatif yo. Mwayen pou fè pwopagann, nan yon nivo moun pat janm konnen anvan, ankouraje Pati a ak fòmasyon yo nan Pati a ak yon pasyon ak abandon toutan kote nou menm, pèp demokratik la, kapab travay sèlman pou kèk jou anvan eleksyon jeneral. Yo te rantrè nan tèt yo make epi te pratike prensip Fuhrer a [prensip lidè] ki te santralize kontwòl Pati a epi Eta a Pati a kontwole sou lavi ak panse pèp Alman an, ki te abitye gade Eta Alman, kèlkeswa moun ki t ap dirije a, ak yon mistè [yon pouvwa pou kwè] moun pa ki pa klè pou pèp mwen an [piblik Etazini a]. . . .

Sous: *Trial of the Major War Criminals Before the International Military Tribunal, Nuremberg*,
14 November 1945–1 October 1946

6 Daprè Avoka Jeneral Jackson, ki **youn** nan efè aksyon gouvènman Nazi yo te genyen sou pèp Alman an? [1]

Score

Dokiman 7

Sa se yon rapò Nien Cheng eksperyanse pandan Revolisyon Kiltirèl la. Tèks sa a dekri sa ki t ap pase jou yo te voye li nan Prizon.

. . . Dòdinè lari Shangai ki blanch a nevè diswa, te plen ak moun. Anba syèl klè lotòn nan yon ti van fre mwa sektanm, moun yo te nan lari pa milye pou gade aktivite Gad Wouj yo k ap ranfòse. Sou estrad yo te bati toupatou, jèn Revolisyonè yo t ap rele moun nan yon langaj pike epi ki chaje enèji pou patisipe nan Revolisyon an, epi dirije ti reyinyon batay kont gason ak fanm yo te fè dappiyanp o aza nan lari a epi akize yo, paske yo pa t mache ak Ti Liv Wouj ki gen pawòl Mao yo oubyen senpleman pase yo te abiye ak kalite rad Gad Wouj yo pat dakò pou mete. Deyò kay prive yo ak nan kay an etaj pou lwe yo, lafimen t ap monte sou mi jaden yo, anvayi lè a pandan Gad Wouj yo te kontinye ap boule liv yo san diskriminasyon. . . .

Sous: Nien Cheng, *Life and Death in Shanghai*, Penguin Books

7 Daprè Nien Cheng, ki **de** aksyon Gad Wouj yo te pran pou kontwole lide pèp la pandan rèy Mao a nan Lachin? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 8



Nan Swiv Wout Revolisyon an, Lite pou yon pi Gran Viktwa

Mao tankou Solèy Wouj ki pi Wouj nan kè moun, kanpe sou tèt plas piblik Tiananmen. Devan yon gran, Ti Liv Wouj-mas moun ak men yo anlè a gen figi yon travayè, peyizan, ak yon solda, alòske reprezantan k ap fè lòt travay kanpe jis dèyè. Liv la se te yon rasanbleman Kèk Travay Mao Lin Biao te chwazi nan lane 1960 pou yo te sèvi pou travay pwopagann nan Lame Liberasyon Pèp la. Apre Revolisyon Kiltirèl la te kòmanse, li te vin fè pati nèt nan koutim adorasyon Mao. Vè lane 1970, ni kalite renmen fabrike sa a [lwanj teyat] ak pouvwa Lin Biao te monte nan syèl [anlè].

Sous: *Picturing Power: Posters from the Chinese Cultural Revolution Exhibit*, Indiana University

8 Daprè dokiman sa a, ki **yon** fason gouvènman Mao a te eseye enflyanse pèp Lachin nan? [1]

Score

Dokiman 9

. . . Ant lane 1966 ak 1976, tout yon jenerasyon jèn timoun pat resevwa yon bon edikasyon; lòt chinwa vin rele yo “jenerasyon pèdi”. Pou pi piti ven mil moun pèdi lavi yo akòz Revolisyon Kiltirèl la.

. . . Akòz Revolisyon Kiltirèl la, anpil jèn Chinwa te grandi san okenn konesans koutim ak kwayans tradisyonèl Chinwa. Nesesite pou bouche twou sa a, fè kèk nan yo te kòmanse gade sou Lwès-espesyalman konsèp demokrasi, libète, kapitalis, ak endividyalis Oksidantal la. . . .

Sous: *Great Events: The Twentieth Century 1960–1968*, Salem Press

9 Daprè tèks sa a ki sòti nan Great Events, site **yon** efè Revolisyon Kiltirèl la te gen sou sosyete Chinwa a. [1]

Score

Pati B Redaksyon

Eksplikasyon: Ekri yon disètasyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti pou *pi piti kat* dokiman nan disètasyon w la. Sipòte repons ou ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki soti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Nan listwa, pafwa gouvènman yo eseye kontwole panse ak aksyon pèp yo. Twa gouvènman konsa se **Lawisi anba rèy Peter LeGran, Lalmay anba rèy Adolf Hitler, ak Lachin anba rèy Mao Zedong**. Efò gouvènman sa yo afekte sosyete yo anpil.

Sa w gen pou fè: Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa jeneral pou ekri yon disètasyon kote ou

Chwazi **de** gouvènman yo pale de yo nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri efò gouvènman an pou kontwole panse **ak/oubyen** aksyon pèp la
- Diskite konsekans efò gouvènman sa a sou sosyete a

Gid:

Nan disètasyon ou a, asire ou pou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti pou *pi piti nan kat* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan.

ISTWA JENERAL
AK JEOGRAFI

Madi, 22 janvyè, 2008 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Gason

Fi

Non Elèv la
Non Pwofesè a
Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan fèy repons sa a, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt ti liv redaksyon apa a.

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score
Part III A Score
Total Part I and III A Score
Part II Essay Score
Part III B Essay Score
Total Essay Score
Final Score (obtained from conversion chart)

- 1..... 26
2..... 27
3..... 28
4..... 29
5..... 30
6..... 31
7..... 32
8..... 33
9..... 34
10..... 35
11..... 36
12..... 37
13..... 38
14..... 39
15..... 40
16..... 41
17..... 42
18..... 43
19..... 44
20..... 45
21..... 46
22..... 47
23..... 48
24..... 49
25..... 50

No. Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, nan fen egzamen sa a, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.

